

# Collectif contre l'impunité

Regroupement de plaignants-es -contre l'ex dictateur Jean-Claude Duvalier et consorts- et d'organisations de droits humains  
Centre œcuménique des droits humains (CEDH) - Kay Fanm (*Maison des femmes*)  
Mouvement des femmes haïtiennes pour l'éducation et le développement (MOUFHED) - Réseau national de défense des droits humains (RNDH)

Point focal: Centre œcuménique des droits humains (CEDH) - [cedh@cedh-haiti.org](mailto:cedh@cedh-haiti.org)

---

## Kominike

### 7 fevriye 2013 Jean-Claude Duvalier ap prezante nan tribinal, devan Kou Apèl

*Kolektif kont enpinite* ap enfòm sòsyete ayisyèn nan ak kominote entènasyonal la, ap genyen yon seyans nan Kou Apèl Pòtoprens, a 10 zè, jedi 7 fevriye 2013, ki se dat diktati Duvalier yo te kapote an 1986. Tribinal la mande pou ansyèn Prezidan avi Jean-Claude Duvalier prezante pèsònèlman.

19 janvyè 2011, yon lòt fwa ankò<sup>1</sup>, Leta ayisyen te pouswiv Jean-Claude Duvalier devan lajistis pou «*krim kont limanite, krim finansye epi zak koripsyon, kontravansyon ak lalwa, kont maltaye nan lajan, franchiz ak ekzonasyon, detounman lajan, vòl, asosyasyon malfektè*», jan sa ekri nan dokiman Ministè piblik la ki rele rekizitwa sipletif. Anviwon 30 moun pote plent kont Jean-Claude Duvalier ak akolit li yo. Pami plegnan ak plegant yo, gen 22 moun ki nan Kolektif la. Yo pote plent pou krim kont limanite (arestasyon ak anprizònman ilegal ak abitè, tòti, move tretman sanginè, kò ansasinay, ekzekite moun san jijman, disparèt moun, fòse moun pran egzil, zak kriyèl ak avilisan, elatriye).

Viktim yo te fè dekwa pou yo pati sivil nan yon pwosè kont Duvalier. Yo te fè demach pou konteste desizyon jij enstriksyon, Carvès Jean, te pran nan òdonans 27 janvyè 2012 la. Jij la pa t konsidere krim kont limanite yo, li te kenbe sèlman krim finansye yo, epi li voye Duvalier devan tribinal koreksyonèl (ki vle di, se ti zak ilegal ki kòmèt; pinisyon an se amand ak 3 zan prizon pou pi plis).

- Plegnan ak plegant yo te reprezante nan 3 seyans Kou Apèl ki te fèt 13 desanm 2012, 24 ak 31 janvyè 2013. Fason seyans 31 janvyè 2013 la dewoule, vin kore enkyetid *Kolektif* la genyen parapòta respè dwa viktim yo epi volonte pou kontinye blayi enpinite.
- Dosye plegnan ak plegant yo pa t site kòrekteman, menm jan yo pa t enfòm yo kòm sadwa sou dat seyans yo.
- Pou yon dosye osi enpòtan, se yon sèl grenn moun ki te reprezante Ministè piblik la.
- Anbyans tribinal la pa t gen dekwòm, ni serenite ki nesèsè.
- Tantativ fèt pou eseye montre viktim yo pa gen plas yo la a.
- Sitiyasyon dosye a pa t tabli aklè.

Sou yon bò, gen viktim yo ki konteste òdonans 27 janvyè 2012 la.

Leta limenm pa konteste, malgre se li menm menm ki, an janvyè 2011, te deside rapouswiv ak demach lajistis ki te tanmen an 2008 kont Jean-Claude Duvalier.

Sou yon lòt bò, gen Duvalier ki konteste òdonans la, deske li kenbe krim finansye yo.

Li nesèsè epi enpòtan pou sòsyete ayisyèn nan, pou òganizasyon solidarite entènasyonal yo, pou kominote entènasyonal la, espesyalman enstans dwa moun li yo, manifeste apwi yo pou konba difisil viktim rejim Duvalier yo ap mennen, pou rive fè fas kare ak enpinite epi ak revizyonis (pozisyon ki vle minimize oswa nye krim diktati a). Konba sa a, se konba pou konstwi yon Leta de dwa demokratik, kote dwa fondamantal moun ak libète garanti, espesyalman devan lajistis; yon jistis ki endepandan, ki pa nan paspouki; yon jistis ki gen sousi pou enterè kolektivite a, kidonk pou laverite.

Pòtoprens, 3 fevriye 2013

Danièle Magloire  
Koòdonatris



<sup>1</sup> Premye fwa a, se te 29 avril 2008.